Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 34 (6870) 25 август 2023 с. Рузман Сафар 1445 с. Багъа - эркенаб




БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Капиталияб ремонталдаса хадуб «Бакъ» ясли-ах рагьана

Республикаялъулаб тIалъиялъул вакилзабиги гIахьаллъана

**Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъ Россиялъул байрахъалъул къоялъ капиталияб ремонталдаса хадуб «Бакъ» ясли-ах рагьана. Капремонт гьабиялда рекъон лъималазул ахалъул тIох къачIана, къадада ва мокърокь гипсокартон ккуна ва цогидал хIалтIаби гьаруна.**



«Бакъ» ясли-ах къачIаялъул хIалтIаби рахана 10 млн гъурущалде, республикаялъул бюджеталдасан беччан букIана 7 млн гъурущ, районалъул бюджеталдасан – 2 млн 871 гъурущ.

Лъималазул ах рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас, районалъул бетIерасул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас, МухтарахIмад АхIмадовас, идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.



Тадбиралъул байбихьуда киналго гIенеккана Россиялъул гимналъухъ. Гьелдаса хадуб муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас Россиялъул байрахъалъул къоялда ва ясли-ах рагьиялъул хIурматалда тIобитIараб тадбир рагьана.



БагIараб чIоло къотIана районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, муниципалиталъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас ва лъималазул ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ.



Республикаялъул ва районалъул тIалъиялъул вакилзабаз лъималазул группабазул, кухнялъул, медицинанлъулаб ва цогидал кабинетазул халгьабуна. Гъалип Гъалиповас баян гьабуна лъималазул ахал церетIезари кIвар цIикIкIараб иш букIин. Гьес киназдаго баркана Россиялъул байрахъалъул къо ва гьарана улкаялъе цебетIей.

ДРялъул НСялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас, «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ ва умумуз баркала загьир гьабуна Гъалип Гъалиповасе ва гьесул командаялъе республикаялъул капиталияб ремонт гьабиялъул программаялъулъе лъималазул ах ккезабизе гьабураб кумекалъухъ. Ясли-ах къачIаялъул хIалтIаби гьарураб «Строй-Мина» ООО-ялъул вакил Шарапудин ХIасайниевасеги баркала кьуна.

Баркалаялъул кагътаздалъун кIодо гьаруна лъималазул ахалъул хIалтIухъаби, умумул ва цогидал квербакъарал. Тадбир берцин гьабуна лъималазул художествиял цcírkерахъиназ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Лъаялъул къоялде бакIал рагьи, налогал ракIари…**

- 2 гьум.



**Терроризмалда дандечIей цIикIкIинаби**

- 2 гьум.



**ПатIимат ГIабдураупова: «ГIужда сахлъи цIуни – щивасда тIадаб иш»**

- 2 гьум.



**«Кавказалъул кубок – 2023»**

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ПIали-хIажи

№ 34 25 август 2023 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Лъаялъул къоялде бакIал рагьи, налогал ракIари...

**Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас араб анкьалъул талат къоялъ лъаялъул къоялде бакIал рагьиялъул суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас, МухтарахIмад АхIмадовас, росабазул нухмалъулез ва цогидаз.**





Гьединго дандеруссиналда халгьабуна налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул, диспансеризация гьабиялъулъ гIадамаз жигараб гIахьаллъи гьабиялъул, Россиялъул Миноброниялъулгун къотIи-къайги гьабун, рагъулалб хъулухъ гьабизе иналъул ва цогидал суалазул.

Гьединго тадбиралда аслияб кIвар кьураб суаллъун букIана «БакIалъулаб байбихьи» абураб ва цогидал программаби районалда гIумруялде рахьинари.

Муниципалитеталда федералиял ва цогидал проектазда рекъон къачIарал бакIазул халгьабизе районалде вачIун вукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахIмад АхIмадовги. Районалъул тIалъигун гьев щвана росабалъе ва халгьабуна лъайкьеялъул, медучреждениязул ва цогидал бакIазул.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ТЕРРОРАЛДА ДАНДЕЧIЕЙ

# Терроризмалда дандечIей цIикIкIинаби

## АТКялъул заседание тIобитIана

**Бакълъул мухъалъул нухмалъулев Гьалип Гьалиповасул бетIерлъиялда араб анкьалъ АТКялъул комиссиялъул заседание тIобитIана. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна АТКялъул гIахьалчагIаз, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас ва цогидаз.**



Районалъул АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидовас дандеруссиналда гIахьаллъаразе баян гьабуна терроралда ва экстремизмалда дандечIеялъул профилактическиял хIалтIаби гьариялъул аслиял рахъазул.



Заседаниялда гьединго бицана школал рагьилелде хIинкъи гьечIолъи цIуниялда хурхун нухдаинаризе ругел хIалтIабазул, гIолилал квешаб нухде ккечIого рукIиналъе гьабулеб профилактикаялъул ва гь. ц.

Рорхарал суалазда тIасан пикраби загьир гьаруна ва терроризмалда дандечIеялда хурхун гьабураб хIалтIул бицана Бакълъул мухъалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, маданияталъул ва библиотекаялъулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиевас, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъан ГIабдула МухIамадовас ва цогидаз.

Заседаниялда гIахьаллъаразул ракIабазда рекъон, муниципалитеталда терроризмалда ва экстремизмалда дандечIеялъе гIоло гIолилазулгун, цIалдохъабазулгун данделъаби гIуцIана, церелъеял, кьецал ва цогидал тадбирал тIоритIана. Районалда кIвар кьолеб буго гIолилазул рухIияб рахъ бечельиялде.

Данделъиялъул ахиралда Гьалип Гьалиповас заседаниялда рорхарал суалазда тIасан тIадкъаял кьуна ва тIадал ишал ракIбацIцIадго тIураян хитIаб гьабуна.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ПатIимат ГIабдураупова: «ГIужда сахлъи цIуни – щивасда тIадаб иш»

## ЦРБялъул ва администрациялъул вакилзаби Игьали ва ЧIиркъатIа росабалъе щвана

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов ва Централияб районалъул больницаялъул бетIерай тохтур ПатIимат ГIабдураупова Игьали ва ЧIиркъатIа росабазул сахлъи цIуниялъул идарабазде щвана. Гьез халгьабуна хехаб кумек гьабиялъул шкафалъул, гара-чIвари гьабуна унтаразулгун, росдал гIадамазулгун.**





ПатIимат ГIабдурауповалъ бицана диспансеризациялъул бугеб кIваралъул. «Жиндир заманалда тохтурасухъе иналъ квербакъула цудунго унтаби тIатинаризе. ГIужда сахлъи цIуни – щивасда тIадаб иш»,- ян абуна ГIабдурауповалъ.

МухтарахIмад АхIмадовас гьединго хитIаб гьабуна росабазул гIадамазде жиндир заманалда сахлъиялъул халгьабеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Росабалъе тIабигIияб газ щвей – гIаммаб рохел

## ЛъаратIе кватIичIого тIабигIияб газ щвела

**2023-абилеб соналъул 30-абилеб августалда Бакълъул районалъул ЛъаратIа росулъ тIабигIияб газ биччаялъул тадбир тIобитIизе буго. Нусидасаги цIикIкIун чияс договорал хъван руго, гьезул рокъобе тIабигIияб газ цIатари щвезе буго кватIичIого.**



Бакълъул мухъалъул росабалъе тIабигIияб газ бачунеб буго Россиялъул регионал газидалъун хьезариялъул Программаялда рекъон. Газ щун буго МелъелтIа ва ЦIиликь росабалъе. 2025-абилеб соналде муниципалитеталъул киналго росабалъе газ щвезе буго.

Районалъул бетIер Гьалип Гьалиповасул хъаравуллъиялда буго тIабигIияб газ росабалъе бачин. МугIрузулал районал газидалъун хьезариялъ квербакъула росабалъ гIумру гьабулезул къадар цIикIкIине. Росабалъе тIабигIияб газ щвей – гIаммаб рохел.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав
№ 34 25 август 2023 с.

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

# «Кавказалъул кубок – 2023»

### Столалда теннис хIаялъул турнир тIобитIана

**Бакълъул районалъул маданиябгун сахлъи цIуниялъул комплексалъул теннисалъул залалда «Кав-**



**казалъул кубок – 2023» турниралъул районалъулаб бутIа тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана бакълъулазул церетIурал теннис хIалел. Къецазда бергьарал гIахьаллъизе руго регионалияб бутIаялда.**

Къецазул хIасилалда бергьенлъи босана Киналъ росулъа ГIумахан МухIамадовас, кIиабилеб бакI щвана МелъелтIаса Пайзула Саласкаровасе, лъабабилеб бакI ккуна МелъелтIаса Шарапудин Коргъолиевас. Бакълъул районалъул имамзабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурашид ХIажиевас спортсменазе гIарцулал сайгъатал кьуна. Бергьенлъи босаразе чемпионаталъул кубокги щвана.

Турниралда гьединго «гьитIинаб финалалъул» призовияй бакIазе гIоло къецалги тIоритIана. Гьедин, бергьенлъи босана ва гьитIинаб кубок щвана Камал Абакаровасе (МелъелтIа), кIиабилеб – ГIабдурашид ХIажиевасе (МелъелтIа), лъабабилеб бакI босана Батир Батировас (МелъелтIа).

Къецаздаса хадуб ГIабдурашид ХIажиевас рухIияб рахъ бечелъиялда хурхараб гара-чIвариги гьабуна. Турниралда гIахьаллъаразе баркала кьуна ва сундулъго цебетIей гьарана муниципалитеталъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиевас.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

# ЧIикьа ХIажимурад МухIамадов ракIалдещвеялъул лъим ххаялъул турнир тIобитIана

### Нажмудин Шарапудинов – районалъул бищун лъикIав лъедохъан

**Бакълъул районалъул администрациялъул маданиябгун сахлъи цIуниялъул централъул бассейналда ЧIикь росулъа МухIамадов ХIажимурад ГIабдулхIалимович ракIалдещвеялъул лъим ххаялъул къецал тIоритIана. Тадбиралъул байбихьуда**




**районалъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас турниралъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна.**

Къецал тIоритIана лъабго батIияб кьокъабазда гьоркьоб: 14 сон бачIезда гьоркьоб; 15 соналдаса 30 соналде щвезегIан; 30 соналдаса тIаде аразда гьоркьоб.

ТIоцебесеб кьокъаялда гьоркьоб бергьенлъи босана ЧIикь росулъа МухIамад ХIамидовас, кIиабилеб бакI щвана Гьоркь Инхоса МухIамад СагIидовасе, лъабабилеб бакIалде вачIана ЧIикьа СагIид Каримулаев.

КIиабилеб кьокъаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ЧIикьа Нажмудин Шарапудинов, кIиабилеб бакI щвана ЧIикь росулъа АхIмад Шарапудиновасе, лъабабилеб бакI босана ЧIикьа Адам Ибрагьимовас.

Лъабабилеб кьокъаялда гьоркьоб бергьана Гьоркь Инхоса МухIамадкамил МухIамаднуров, кIиабилеб бакI босана ЧIикьа МухIамад ГIалималаевас, лъабабилеб – МелъелтIаса Мурад МухIамадовас.

Бергьенлъи босарал ва къиматал бакIал ккурал грамотабаздалъун ва цогидал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна. Кубок ва «Турниралъул бищун лъикIав лъедохъан» абураб цIар щвана Нажмудин Шарапудиновасе. Гьес бихьизабуна бищун лъикIаб заман – 41,25 сек. Лъим хха-



ялъул рахъалъ Дагъистаналъул чанцIулго чемпионлъун вахъана Шарапудинов. Районалда тIобитIараб турниралда мастер-классги бихьизабуна гьес.

Спортсменазе шапакъатал кьеялъулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул вакилзабаз, спорталъул ветераназ, ЧIикь росдал хIаракатчагIаз ва цогидаз. Турниралъул аслияв спонсораллъун рукIана ООО «Профстройюнг», ЧIикь росдал гIадамал.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул Комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиевас. Турнир гIуцIизе кумекги гьабуна комитеталъ.

Районалъул нухмалъулесул заместитель МухтархIмад АхIмадовас бакълъулазул бетIер ГIалип ГIалиповасул рахъалдасан турниралъул спонсоразе, Юсуп Насрулаевасе, МухIамад ХIажикIулаевасе, турниралъул хIурматияв гьобол ЧIикьа спорталъул ветеран Гьайирбег ГIалиасхIабовасе Баркалаялъул кагътал кьуна. Юсуп Насрулаевас ЧIикь росдал гIадамазул рахъалдасан гIарцулаб сайгъат кьуна (59 000 гъурущ) хварав ХIажимурад МухIамадовасул хъизаналъе.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# ХIажимурад Насрулаев – спорталъул мастер

### Меседил ва гIарцул медалалъе мустахIикълъана

**Российялъул ФССПялъул судалъул приставал гIахьаллъараб къецал тIоритIана Суздаль шагьаралда. Чемпионаталда**




**гIахьаллъарав Бакълъул ва Унсоколо районазул судалъул гьитIинав пристав, жанисел ишазул гьитIинав лейтенант, МелъелтIа росулъа ХIажимурад Насрулаевасе «Бищун лъикIав къвагьдохъан» номинациялда тIоцебесеб бакI щвана.**

Российялъул судалъул приставазул Федералияб хъулухъалъул директор Дмитрий Аристовас гъулбас гьабураб диплом щвана Насрулаевасе. Гьединго ХIажимурадие бихьиназда гьоркьоб биотлоналъе кIиабилеб бакI щвана, спорталъул мастерасул цIарги кьуна.

Жиндирго бергьенлъаби Насрулаевас сайгъат гьаруна СВОялдаса тIадвуссинчIев вацасе – РФялъул Росгвардиялъул Управлениялъул ДРялда бугеб «Ястреб – Каспий» СОБРалъул майор, Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав Шамил Насрулаевасе. ВатIаналъул тIалабал тIуралаго, СВОялдаса тIадвуссинчIо гьев.

Гьарула ХIажимурад Насрулаевасе нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго икьбал!

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Кьиндаде токил кварал, хIубал къачIалел руго

**Хаслихълъигун кьиндаллъиялде хIадуриялъул хIалтIаби унел руго бакълъулазул мухъалда. Гьедин, «Россети Северный Кавказ» ПАОялъул муниципалиталда бугеб филиалалъул махщалилаз токил кварал**



**къачIаялъул, хIубал хисиялъул хIалтIаби нухдаинарулел руго.**

Бакълъулазул районалъул РЭсялъул бетIерав инженер Камалдин ГIалиевас бицана росабалъ гьарурал хIалтIабазул: Гьоркь Инхо росулъ лъабго токил хIуби хисун буго; ЧIиркъатIа – 3; Щабдухъ – 1. МелъелтIа 10 хIуби хисизе буго. ГIалиевасул рагIабазда рекъон, районалъул централъул цо къотIноб, МелъелтIа росулъ, транформатор къачIана.

**Макка МухIамадова**

ДОКУМЕНТЫ

## Участковая избирательная комиссия избирательного участка № 0292

Постановление

22 августа 2023 г. с. Ингиши

**О назначении досрочных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «Село Ингиши» Гумбетовского района Республики Дагестан седьмого созыва**

**В связи с досрочным прекращением полномочий Собрания депутатов муниципального образования «Село Ингиши» Гумбетовского района седьмого созыва, руководствуясь частями 3 и 6 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», Законом Республики Дагестан от 7 июля 2023 года № 62 «О роспуске представительного органа сельского поселения «Село Ингиши» Гумбетовского района Республики Дагестан», участковая избирательная комиссия избирательного участка №0292, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению выборов в органы местного самоуправления, местного референдума на территории муниципального образования «Село Ингиши» Гумбетовского района постановляет:**

1. Назначить на 12 ноября 2023 года досрочные выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «Село Ингиши» Гумбетовского района Республики Дагестан седьмого созыва.
2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Гумбет» и разместить на официальном сайте муниципального образования «Гумбетовский район» в сети «Интернет».
3. Направить настоящее Постановление в территориальную избирательную комиссию Гумбетовского района Республики Дагестан.

**Председатель комиссии**
**А. Б. Магомедов**
**Секретарь комиссии**
**С. А. Абдулхаликов**

СТРАНА ГОР

## Дагестан, Ставрополье и Северная Осетия стали лидерами среди субъектов Северного Кавказа по количеству аттестованных гидов

**Среди регионов СКФО лидером по количеству аттестованных экскурсоводов остается РД, второе место занимает Ставропольский край, Северная Осетия входит в тройку.**

Об этом сообщает телеграм-канал полпреда Президента РФ в СКФО. Как отмечается, специалисты, имеющие подтверждение своей квалификации, пользуются большим спросом.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Участник СВО сержант Омар Асадулаев из села Цунди-Шабдух поздравил с Днём знаний

**Боец СВО, командир боевой машины РСЗО «Град» реактивного дивизиона мотострелковой бригады сержант, кавалер медалей Жукова и «За воинскую доблесть» II степени Омар Асадулаев из села Цунди-Шабдух поздравил гумбетовцев, дагестанцев и всех россиян с наступающим Днём знаний. «Уважаемые гумбетовцы, дагестанцы, россияне, учителя, учащиеся и их родители!**



Сердечно поздравляю вас с наступающим Днём знаний! Благодаря знаниям страна становится независимее, мощнее. Обретённые знания и разработанные новые технологии обеспечивают обороноспособность Родины, повышают уровень жизни граждан. В зоне СВО также нужны специалисты высокого класса, как и в мирной жизни. Полученные сегодня подрастающими поколениями знания – это вклад в развитие нашей великой державы. Желаю всем учителям крепкого здоровья, благополучия, успешных учеников, всего самого наилучшего!» – сказал боец СВО Омар Асадулаев.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Участник СВО из села Игали Сабир Гасанов приехал в отпуск

**Участник спецоперации по денацификации и демилитаризации Украины, уроженец села Игали Гумбетовского района Сабир Гасанов приехал в отпуск.**



Он подарил жене цветы. Боец вернулся в час ночи, дети спали, старшая дочь услышала папу, проснулась, подбежала, обняла его и заплакала. Радости детей, семьи и родных нет предела. Их герой дома, снова с ними, живой и здоровый.

Сабир Гасанов участвует в СВО с первых дней, он является выпускником Игалинской средней школы Гумбетовского района, 62 выпускника этого образовательного учреждения несут службу в зоне СВО. Пожелаем нашему бойцу приятого отпуска!

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Минпромторг РД приглашает дагестанских бизнесменов начать предпринимательскую деятельность в Михайловском районе

**Дагестан планирует оказать помощь Михайловскому району Запорожской области в открытии на ее территории продовольственных и непродовольственных магазинов.**

Минпромторг РД информирует, что предприниматели Дагестана могут открыть розничный магазин в данном районе. Отмечается, что администрация Михайловского района окажет полное содействие по данному направлению, в том числе предоставлении на безвозмездной основе торговых площадок. Уважаемые предприниматели Гумбетовского района, пожелавшие открыть свой магазин в Запорожской




области, могут обратиться к начальнику Управления торговли и потребительских рынков Минпромторга РД Э. А. Алиеву по телефону 8(8722) 67-80-82, либо написать на email: e.aliev@e-dag.ru.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Военкомат Казбековского и Гумбетовского районов информирует

**Военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов напоминает, что согласно п. 2. 1. статьи 31 Федерального закона 1998 г. №53 ФЗ «Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу», гражданин обязан лично явиться в военный комиссариат для сверки данных воинского учета в течение двух недель со дня начала периода проведения призыва на военную службу.**

Об этом сообщается в Telegram-канале администрации Казбековского района. По информации источника, исключение составляют граждане, освобожденные от призыва.

СТРАНА ГОР

## Обучающая программа для самозанятых пройдет в Махачкале в рамках нацпроекта «Малое и среднее предпринимательство»

**Бесплатная программа интенсивного развития для самозанятых граждан пройдет в Махачкале, сообщает РИА «Дагестан».**

В рамках реализации указанного проекта с 28 по 30 августа в Махачкале пройдет обучающая программа для самозанятых “Увеличение продаж и прибыли”. Отмечается, что на мероприятиях выступит основатель и руководитель бизнеса более 23 лет, практикующий консультант по вопросам коммерческой деятельности, управления продажами, маркетингом Жанна Абрамова.

**РИО «Гумбет»**

БетӀерав редактор: ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугъра ГӀабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.